

Frè ak sè m yo,

Alelouya! Jezi leve! Wi, Li leve byen vivan, alelouya! Jodi-a se Dimanch Pak, jou Jezi te leve byen vivan soti anba lanmò yon fwa pou tout. Jodi-a Kretyen sou tout fas tè-a ap selebre vikwa lavi sou lanmò, vikwa limyè sou fènwa, vikwa libète sou esklavaj. Wi, sa se yo gwo rezon pou-n fete, pou-n danse e pou-n chante, pa sèlman jodi-a men pandan tout rès lavi nou.

Nan non tout klèje ak anplwaye pawas Sainte Anne, mwen vle swete-n ak tout fanmi nou yon fèt Pak ki ranpli ak kè kontan e se pou Jezi Granmèt la ki leve byen vivan konble nou ak sajès, lapè e kè kontan!

Se pou kè kontan nou an propaje toupatou!

Pè Quesnel Delvard

Kire